



Entèvyou Aloral sou
SIFE

Enstwiksyon ak Oryantasyon





THE STATE EDUCATION DEPARTMENT / THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK / ALBANY, NY 12234
Office of P-12

55 Hanson Place, Room 594
Brooklyn, New York 11217
Tel: (718) 722-2445 / Fax: (718) 722-2459

89 Washington Avenue, Room 528EB
Albany, New York 12234
(518) 474-8775 / Fax: (518) 474-7948

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

Regents of The University

| | |
|--|---------------|
| MERRYL H. TISCH, <i>Chancellor</i> , B.A., M.A., Ed. D. | New York |
| ANTHONY S. BOTTAR, <i>Vice Chancellor</i> , B.A., J.D. | Syracuse |
| JAMES R. TALLON, JR., B.A., M.A. | Binghamton |
| ROGER TILLES, B.A., J.D. | Great Neck |
| CHARLES R. BENDIT, B.A. | Manhattan |
| BETTY A. ROSA, B.A., M.S. in Ed., M.S. in Ed., M.Ed., Ed. D..... | Bronx |
| LESTER W. YOUNG, JR., B.S., M.S., Ed. D. | Beechhurst |
| CHRISTINE D. CEA, B.A., M.A., Ph.D. | Staten Island |
| WADE S. NORWOOD, B.A. | Rochester |
| KATHLEEN M. CASHIN, B.S., M.S., Ed. D. | Brooklyn |
| JAMES E. COTTRELL, B.S., M.D. | New York |
| T. ANDREW BROWN, B.A., J.D. | Rochester |
| JOSEPHINE VICTORIA FINN, B.A., J.D. | Monticello |
| JUDITH CHIN, M.S. in Ed. | Little Neck |
| BEVERLY L. OUDERKIRK, B.S. in Ed., M.S. in Ed. | Morristown |
| CATHERINE COLLINS, R.N., N.P., B.S., M.S. in Ed, Ed. D..... | Buffalo |
| JUDITH JOHNSON, B.A, M.A., C.A.S. | New Hempstead |

Commissioner of Education and President of the University
MARY ELLEN ELIA

Executive Deputy Commissioner
ELIZABETH R. BERLIN

Deputy Commissioner of P-12 Instructional Support
ANGELICA INFANTE-GREEN

Assistant Commissioner of the Office of Bilingual Education and World Languages
LISSETTE COLON-COLLINS

The New York State Education Department wish to thank the NYS Board of Regents, the SIFE Workgroup, and many others who helped with the development of identification instruments to serve the Students with Interrupted/Inconsistent Formal Education (SIFE). Special thanks to Rachel Hoff, NYCDOE; Wanda Ortiz-Rivera, UFSD; Judy Goris-Moroff, HUFSD; Rejane Ribeiro and Sharon Deland, Patchogue-Medford; Cecilia Blanco, South Huntington; Maria Fielteau, Utica; Tiara Reyes Vega, Yonkers; The BRIDGES Program staff; Elaine Klein, Annie Smith, Suzanna McNamara, Aika Swai, and many others.

The State Education Department does not discriminate on the basis of age, color, religion, creed, disability, marital status, veteran status, national origin, race, gender, genetic predisposition or carrier status, or sexual orientation in its educational programs, services and activities. Portions of this publication can be made available in a variety of formats, including braille, large print or audio tape, upon request. Inquiries concerning this policy of nondiscrimination should be directed to the Department’s Office for Diversity and Access, Room 530, Education Building, Albany, NY 12234.

Sa Ki nan Liv la

| | |
|--|---|
| <i>Objektif</i> | 1 |
| <i>Prensip Debaz pou Idantifikasyon SIFE</i> | 1 |
| <i>Pwosedri pou Bay Kesyonè a: Anplwaye Kalifye</i> | 2 |
| <i>Pwosedri pou Bay Kesyonè SIFE: Pwotokòl</i> | 2 |
| <i>Enstwiksyon pou Enfòmasyon Pèsonèl ak Enfòmasyon sou Lang</i> | 3 |
| <i>Enstwiksyon pou Kesyon Preparatwa</i> | 3 |
| <i>Enstwiksyon pou Referans 1: Enfòmasyon Jeneral sou Fanmi ak Lakay</i> | 3 |
| <i>Enstwiksyon pou Referans 2: Istwa Edikasyon</i> | 4 |
| <i>Enstwiksyon pou Referans 3: Pratik Lang ak Konpetans pou Li ak Ekri</i> | 4 |
| <i>Enstwiksyon pou Referans 4: Lòt Kesyon</i> | 5 |
| <i>Enstwiksyon pou Referans 5: Kesyon sou Pèfòmans</i> | 5 |

Objektif

Kesyonè pou Entèvyou Aloral SIFE se yon zouti ki la pou ede idantifye elèv ki ka elèv ki gen Edikasyon Fòmèl ki Sispann/Pa Konsistan¹ (Students with Interrupted/Inconsistent Formal Education (SIFE)) epi pou bay yo sèvis ak entèvansyon apwopriye. Anplwaye konpetan yo dwe asire metòd idantifikasyon elèv sa yo gen ladan etap anba la yo ki nan lòd sa a:

1. bay Kesyonè sou Lang Lakay [Home Language Questionnaire (HLQ)]
2. Fè yon entèvyou nan lang Anglè ak nan lang lakay avèk elèv la ak paran/responsab legal
3. Revize modèl travay elèv la, dosye lekòl la, ak evalyasyon anvan yo
4. Jwenn rezilta Tès Idantifikasyon Eta New York pou Elèv k ap Aprann Lang Anglè [New York State Identification Test for English Language Learners (NYSITELL)]
5. Bay Kesyonè Entèvyou Aloral SIFE
6. Bay (Dokiman SIFE)

Prensip Debaz pou Idantifikasyon SIFE

1. Idantifye SIFE nan yon moman apwopriye. (Metòd idantifikasyon ak plasman ELL ansanm ak elèv SIFE yo dwe fèt nan dis (10) jou lekòl apre premye enskripsyon an oswa apre elèv la retounen nan distri lekòl la).
2. Rasanble epi separe done yo, tankou, tankou:
 - Laj lè elèv la rive
 - Mobilite
 - Ane elèv la te pase nan lekòl la nan moman li antre
 - Kalite ak enpòtans matyè elèv la te aprann nan peyi natifnatal li ak nan Etazini
3. Note metòd Idantifikasyon an avèk anpil prekosyon
NÒT: Chak distri lekòl ap konsève tout dokiman ki gen pou wè ak premye idantifikasyon an ak nenpòt lòt metòd revizyon, tankou Kesyonè sou Lang Lakay, rezilta evalyasyon idantifikasyon konpetans nan lang Anglè, ak nenpòt lòt dosye ou kreye nan metòd idantifikasyon an ak metòd revizyon an jan sa defini nan paragraf (a) ak (b) seksyon sa a. Ou ta dwe konsève enfòmasyon sa yo nan dosye kimilatif elèv la.
4. Plasman—Edikasyon nan De Lang/Anglè kòm yon Nouvo Lang

¹Edikasyon ki pa konsistan vle di elèv la gen deranjman tanzantan nan edikasyon yo ki ajoute sou dezan oswa plis.

Pwosedì pou Bay Kesyonè a: Anplwaye Kalifye

Entèvyou a ta dwe pran apeprè 20 minit epi se anplwaye kalifye ki ta dwe poze kesyon yo ak fè entèvyou a nan lang natifnatal oswa lang lakay elèv la. Ou dwe bay yon tradiktè oswa entèprèt, si li nesesè.

Kimoun ki se “anplwaye kalifye”?

Yon Edikasyon nan De Lang oswa Anglè pou pwofesè Elèv ki Pale Lòt lang [Speakers of Other Languages (ESOL)] ki:

- sètifye nan Eta New York anba Pati 80 CR.
- konpetan nan lang lakay elèv la ak paran oswa moun ki gen relasyon paran avèk elèv la, oswa
- itilize yon entèprèt/tradiktè lang kalifye oswa mòd kominikasyon elèv la oswa paran an oswa moun ki gen relasyon paran avèk elèv la pi byen konprann, oswa

Yon pwofesè ki:

- sètifye nan Eta New York anba Pati 80 CR,
- ki resevwa bon jan fòmasyon nan konpetans kiltirèl, devlopman lang, ak bezwen Elèv k ap Aprann Lang Anglè (English Language Learners(ell)), epi
- konpetan nan lang lakay elèv la oswa paran an oswa moun ki gen relasyon paran avèk elèv la, oswa
- itilize yon entèprèt/tradiktè lang kalifye oswa mòd kominikasyon elèv la oswa paran an oswa moun ki gen relasyon paran avèk elèv la pi byen konprann.

Pwosedì pou Bay Kesyonè SIFE: Pwotokòl

1. Ou dwe fè entèvyou a nan yon anviwònman ki trankil epi ki pa gen okenn distraksyon. Asire yon anviwònman chalere, paske elèv yo pa abitye nan lekòl la ak anpil kalite egzijans yon anviwònman lekòl. Yon paran oswa yon responsab legal ta dwe la si li posib, men sa pa obligatwa. Elèv yo ta dwe reponn tout kesyon yo san okenn èd yon paran oswa responsab legal, men paran yo kapab bay eklèsisman jan li nesesè.
2. Ou ta dwe li kesyon yo awotvwa pou elèv la epitou ou ta dwe repete kesyon yo. Pa bay repons ki posib. Ou ka poze kesyon rapèl ki rekòmande jan li nesesè.
3. Enprime repons yo aklè epi pa abreje mo yo.
4. Swiv enstwiksyon yo bay nan parantèz sou fòm nan sèlman epi ale nan oryantasyon yo bay anba la a.
5. 5 Kesyon referans yo egzije pou moun ki alatèt entèvyou a gen yon kat jewografik lemonn disponib ak yon lòlòj analòg disponib.

Enstwiksyon pou Enfòmasyon Pèsonèl ak Enfòmasyon sou Lang

Objektif seksyon sa a se pou konfime ak ogmante enfòmasyon yo bay nan lòt dokiman yo epi pou bay enfòmasyon debaz ki nesesè pou plasman ak pwogramasyon. Answit, moun ki alatèt entèvyou a kapab detèmine si elèv la kapab reponn nan sijesyon yo ki mande enfòmasyon debaz yo. Pou verifikasyon, li enpòtan pou siveye repons yo pou dosye lekòl la ak lòt dokiman ki disponib yo.

Si elèv la endike li pale anpil lang, kesyon swiv yo ta dwe detèmine ki lang ki se lang natifnatal oswa lang lakay elèv la. Si li nesesè, detèmine si lang natifnatal la se yon dyalèk rejyonal. Si elèv la pa kapab reponn yon kesyon ou ba li, yon paran oswa yon responsab legal, si li la, ka bay èd.

Enstwiksyon pou Kesyon Preparatwa

Pou objektif seksyon sa a, se pou prepare elèv la pou fòma entèvyou a epitou pou detèmine si li kapab reponn endikasyon konvèsasyonèl yo. Repons elèv la bay yo ka montre enterè ak konpetans li deyò epi/oswa yo ka endike pwoblèm sosyal, emosyonèl oswa ekonomik, epitou yo ka siyale bezwen pou sèvis sipò posib.

Lòt kalite kesyon oswa kesyon preparatwa:

Èske ou fè espò? Si ou reponn wi, di mwen kichòy sou espò ou fè a.

Èske ou travay lè ou nan lekòl? Si ou reponn wi, dekri travay ou.

Kisa ou ta renmen pou viv nan New York/kominote ou?

Enstwiksyon pou Referans 1: Enfòmasyon Jeneral sou Fanmi ak Lakay

Seksyon sa a ap bay lòt enfòmasyon sou sikonstans sosyal, kiltirèl ak ekonomik elèv la, epitou l ap ede detèmine degre elèv la gen obligasyon famiyal konpetitif ak obligasyon travay epi/oswa l ap ede detèmine ki degre manm fanmi an ak manm fanmi pwolonje sipòte epi/oswa patisipe nan edikasyon elèv la.

Ou ka defini/eksplike nenpòt tèm elèv la pa abitye, tankou “lekòl segondè” oswa “lekòl twazyèm sik”, oswa ou ka ranplase lòt tèm yo si li nesesè.

Toujou sonje faktè sa yo ki enfliyanse objektif lavi elèv la, aspirasyon li yo ak egzijans li yo nan lekòl la. Yon elèv SIFE antre nan yon kilti ki nouvo ak diferan, ki se rèk sosyal/konpòtmantal enfòmèl ak fòmèl, li pa abitye avèk priyorite kiltirèl ak sistèm valè. Yo ka gen nivo gwo-gwo enkyetid paske yo pa jwenn aksè nan sistèm sipò ki fyab, tankou fanmi pwolonje, zanmi ak/oswa separasyon nan woutin yo abitye ak woutin ki prediktib. Yo ka manke anpil konpetans sosyo-akademik ak kiltirèl yo egzije nan lekòl Etazini. Nan fen nivo segondè a, demann konpetitif obligasyon famiyal ak travay ak peryòd tan redui pou jwenn referans edikasyonèl ogmante risk pou yo abandone lekòl. Malgre sa, SIFE yo te chanje eksperyans lavi a ki kapab prezante yon karyè pwodiktif nan lekòl si elèv yo eksplwate yo yon fason ki apwopriye.

Enstwiksyon pou Referans 2: Istwa Edikasyon

Seksyon sa a ap enfòmasyon detaye sou istwa edikasyon elèv la, epitou l ap ede detèmine si te gen sispansyon oswa enkonsistans nan edikasyon elèv la. Paske nivo klas yo nan Etazini pa toujou koresponn avèk sa ki nan lòt peyi yo, mande elèv dapre laj yo. Jan sa endike nan enstwiksyon yo, kòmanse mande, “Lè ou te gen [laj] . . .” pou kòmanse avèk premye entèval laj la. Answit kontinye poze tout kesyon ki nan ranje sa a. Tanpri sonje gen yon kolòn vid agoch la pou amonize nivo klas la alamen avèk entèval laj la selon repons elèv la. Ou kapab itilize sa si pa gen relvednòt oswa dokiman ki disponib, men ou ta dwe tcheke sa tou pou korespondans avèk dosye ki disponib yo.

Pou kesyon “*Konbyen tan ou te pase nan lekòl?*” endike si elèv la te patisipe pou yon ane akademik okonplè, yon pati nan ane a, kèk mwa oswa kèk èdtan. Pou kesyon, “*Èske ou te etidye deyò lekòl ane sa a?*” repons yo gen ladan *lekòl aswè/fòmasyon kontini, lekòl nan kay, oswa sesyon avèk yon pwofesè patikilye prive.*

Ou ta dwe itilize kaz “lòt enfòmasyon” pou note nenpòt enfòmasyon ki pa endike nan tablo a.

Aprè kaz “lòt enfòmasyon” gen twa (3) kesyon pou bay repons detaye ki mande elèv la pou li bay enfòmasyon sou eksperyans lekòl li nan peyi lakay li. Bay tout kantite detay ki posib epitou poze kesyon swivi apwopriye jan li nesèsè. Lòt kesyon oswa kesyon swivi yo ta ka gen ladan:

Ki premye bagay ou te fè lè ou te rive nan lekòl lematen?

Kisa ou te renmen konsènan salklas la?

Ki matyè ou te renmen etidye? Eksplike pou kisa.

Ki matyè ou pa t renmen etidye? Eksplike pou kisa.

Èske ou travay byen nan nenpòt matyè patikilye? Eksplike.

Èske ou panse ou t ap aprann? Eksplike pou kisa oswa pou ki pa.

Èske ou kapab di mwen yon pwofesè ou pi renmen?

Èske ou te gen yon gwoup zanmi? Di mwen kichòy sou yo.

Note endikasyon yo ak repons yo nan espas ki apre kesyon twa a.

Enstwiksyon pou Referans 3: Pratik Lang ak Konpetans pou Li ak Ekri

Objektif seksyon sa a se pou bay kèk detay konsènan itilizasyon lang elèv la deyò yon anviwònman lekòl, angajman ak eksperyans li avèk aktivite lekti ak redaksyon, epitou angajman ak eksperyans li avèk teknoloji enfòmasyon ak lòt medya.

Defini oswa eksplike nenpòt tèm elèv la pa abitye avèk yo. Swiv Enstwiksyon yo bay sou fòm nan epi koche yon kaz oswa tout kaz ki aplike yo, jan sa endike.

Enstwiksyon pou Referans 4: Lòt Kesyon

Seksyon sa a konsène objektif karyè ak [etid] elèv la. Ou kapab poze tout elèv yo premye kesyon, “Ki karyè ou vle pidevan?” epi ou kapab modifye ekspresyon an. Pa egzanp, ou kapab mande pito:

Ki kalite travay ou ta renmen fè pidevan?

Ki kalite djòb ou ta renmen jwenn lè ou fini edikasyon ou?

Ki wòl ou wè pou tèt ou lè ou fini edikasyon ou?

Pou elèv ki pi jèn yo, ou kapab poze kesyon, “Kisa ou vle ye lè ou vin pi gran?”

Enstwiksyon pou Referans 5: Kesyon sou Pèfòmans

Objektif seksyon sa a se pou evalye konpetans elèv la pou li fè travay debaz pou reponn endikasyon yo bay li yo.

Pou premye kesyon an, moun ki alatèt entèvyou a dwe gen yon kat jewografik lemond oswa yon glòb latè disponib nan sal kote li dwe fè entèvyou a.

Sijere elèv la jan sa endike anba la a:

Kounye a mwen pral ba ou dezoutwa travay pou fè. Toudabò, mwen vle pou ou montre mwen pwen ki sou [glòb/kat jewografik] kote peyi lakay ou ye epi ou di mwen non peyi a.

Answit, mwen vle pou ou jwenn nan [glòb/kat jewografik la] vil ki se kapital peyi lakay ou. Montre mwen sa, epi di mwen non an.

Nan kaz kòmantè a, note enfòmasyon sa yo:

- Konpetans elèv la pou li konprann endikasyon an
- Konpetans elèv la pou li fè travay la
- Fason ekspresyon endikasyon an prezante, jan sa anvigè

Pou dezyèm kesyon an, moun ki alatèt entèvyou a dwe gen yon òlòj analòg disponib nan sal kote li dwe fè entèvyou a. Sa kapab yon òlòj nan miray oswa yon mont-braslè.

Sijere elèv la jan sa endike anba la a: *Kounye a, mwen vle pou ou gade [mont/òlòj] sa a epi di mwen kilè li ye.*

Nan kaz kòmantè a, note enfòmasyon sa yo:

- Konpetans elèv la pou li konprann endikasyon an
- Konpetans elèv la pou li fè travay la
- Fason ekspresyon endikasyon an prezante, jan sa anvigè